

Kasang Sunda dina Roman Walanda

Ésáy: **Hawé Setiawan**

“Mun seug enya unggal jalma mibanda alam jiwa, hiji kaayaan, lingkungan nu ngahudang geter-geter réponsif di juru batin nu nyamuni, alam kuring baheula—jeung ayeuna—perenahna di mumunggang gunung Priangan: seungit pait tangkal entéh, **tingkucuprak** cai hérang nu ngamalir dina sela-sela batu, kalangkang méga semu biru lebah landeuh...”

SAKALI mangsa éta cutatan di luhur téh dibawa ka kelas, disorotkeun maké infokus kana papan tulis.

“Cingan teguh, urang mana kira-kirana nu nulis ungkara nu matak waas kawas kieu?” cékéng ka mahasiswa nu keur mimiti dialajar ngulik sastra.

“Orang Indonesia, Pak,” cék nu saurang.

“Orang Lembang, kayaknya,” walon nu séjén bari mésem.

“Salah!” omong kuring. “Ieu ungkara téh jolna tina karangan Hella S. Haasse, pangarang Walanda nu kakoncara. Manéhna lahir di Batavia, tur keur budakna kungsi sakola di Surabaya. Taun 1930-an pindah ka Walanda, tur teu kungsi balik deui ka lembur urang ari lain sakali-kalieun ngadon pelesiran mah.”

PUGUH baé, ungkara di luhur téh beunang nyutat tina *Oeroeg*, roman munggaran karya Hella Haasse, nu mimiti medal taun 1948, kira sataun méméh Walanda ngaku yén Républik Indonésia téh enya nagara merdéka.

Aslina mah maké basa Walanda. Kiwari geus nyampak tarjamahna dina basa Indonésia, cara roman Hella Haasse lianna, nyaéta *Heren van de Thee* (Juragan Entéh, 1992) jeung *Sleuteloog* (Mata Kunci, 2002). Taun 1993 roman *Oeroeg* dijieun filem ku urang Walanda kalawan judul nu sarua. Hanjakal, réa kénéh karangan Hella Haasse nu can aya tarjamahna di urang, komo dina basa Sunda.

Nu boga lalakon dina *Oeroeg* téh, nya éta Si “Kuring”, lalaki urang Walanda. Taun 1940-an manéhna mulangkeun panineungan, nyoréang ka mangsa lawas nalika manéhna budak kénéh. Ras ka sobat dalitna ti bubudak ngaran *Oeroeg*, anak mandor perkebunan. Nya di éta lingkungan perkebunan nu administraturna téh bapana Si “Kuring” pisan, éta budak nu dua téh tumuwuh: lahir patutur-tutur, cicing saimah, sakola bareng. Éstu dalit pisan.

Ku perbawa robahna jaman, tayohna, nu duaan téh dina pamustunganana mah sasat ngalaman pegat mimitran. Sanggeus sawawa, sabada meunang atikan modéren di kota, *Oeroeg* tayohna beuki beunta kana ayana sistim nu ngabéda-bédakeun bangsa antara Éropah jeung *inlander*. *Oeroeg* jadi nasionalis, malah katémbongna jadi patriot pisan.

Ari Si “Kuring”, enya gé beunta kana kanyataan yén jaman kolonial téh geus teu jaman deui, sasat teu narima mun seug tali mimitranna jeung *Oeroeg* kudu pegat. Brasna mah bangun nu hémeng: enya kitu *Oeroeg* téh sobatna? Enya kitu Si “Kuring” wanoh ka jalma-jalma nu dumuk di Indonésia? Nu sidik, manéhna ngarasa yén *Oeroeg* téh sasat geus jadi beubeulahan dirina.

DÉSKRIPSI dina *Oeroeg* ngagambarkeun kasang tempat nu ngaranna Kebon Jati, cenah di Sukabumi. Tétéla, kasangna Tatar Sunda cara kasang tempat Gambung dina *Heren van de Thee*, nu disabit-sabit deuih dina bubukaning biografi K.H. Holle karangan Tom van den Berge.

Kebon Jati nu digambarkeun dina ieu roman nyaéta afdéling perkebunan di pagunungan.

Dina ieu roman aya deuih antarana kasang tempat nu disebut Talaga Hideung, nu keur Si “Kuring” mah salawasna geueuman. Ieu tempat sasat jadi cukang lantaran pikeun salah sahiji pangalaman nu mangaruhan plot carita: kulawarga Si “Kuring” katut nu séjénna, kaasup bapana Si Oeroeg, kungsi cilaka basa arulin ka dinya. Dina catetan Hella Haasse disebutkeun yén kasang Talaga Hideung téh ngindung ka Talaga Warna di Puncak Pas, Cianjur.

“Kesan-kesan alam boga peran gedé, utamana cahaya, aambeuan, katut warna wilayah Priangan,” omong Hella Haasse, ngabahas prosés kreatif ngarang *Oeroeg*.

Dina kasang sosialna, tétéla ieu roman ngagambarkeun urang Sunda kayaning Oeroeg, bapana Oeroeg, Déppoh, jeung indungna Oeroeg, Sidris. Puguh waé maranéhna digambarkeun cumarita maké basa Sunda deuih.

Kieu antarana gambaran ngeunaan basa nu dipaké nyarita ku tokoh-tokoh dina ieu roman:

“Nyararita téh piligenti antara basa Walanda jeung basa Sunda, nu mana wé nu kabeneran kakedalkeun. Oeroeg ngarti kana basa Walanda tur bisa maca dina basa Walanda, orokaya sok dusun ari kudu nyarita maké éta basa mah. Sakalina dipapaksa gé, kalah sok nyéréngéh

Luyu jeung jejer caritana, kasang Sunda—babakuna dina harti kasang tempat jeung kasang sosial—dina *Oeroeg* digambarkeun minangka patempatan anu dina pamustunganan mah ruksak.

JUDULNA baé geus nyunda: *oeroeg*. Ngan, nu rada ahéng, ku Hella Haasse éta kecap Sunda téh bet dijieun ngaran jalma. Basa Hella Haasse tepung jeung mahasiswa sastra di Jakarta, taun 1970-an, kungsi manéhna dinaha-naha tina éta perkara.

Harita, cenah, manéhna ngawalon yén éta kecap téh sasat timbul kitu baé dina angen-angenna. Tapi basa mukaan deui dokumen-dokumen nu dijieun bahan ngarang romanna nu séjén, *Heren van de Thee*, manéhna kataji ku catetan urang Walanda ngeunaan réana “oeroeg” nu terus diratakeun dina prosés modérenisasi Indonésia: ngawangun jalan, masang pipah lédeng jsté. Hella sorangan ngarasa kungsi ningali taneuh urug basa keur budak.

“Minangka perlambang, taneuh nu urug téh ngandung harti: *parobahan* nu taya dasarna nu ngaruang tur ngaleungitkeun sagala nu kungsi aya. Dina hal ieu, *Oeroeg* ngandung harti papisah jeung tempat lahir,” cék Hella dina tulisan singget nu dilampirkeun kana roman *Oeroeg* édisi Indonésia.

Barang maca katerangan nu sipatna métaforis kitu, sorangan ngarandeg heula mun keur lumampah téa mah. Naon pangna Hella Haasse nyebutkeun yén “parobahan” tata sosial, pulitik, jeung kultural, nu disimbulkeun ku kecap *oeroeg* téa, “taya dasarna”? Naha enya “taya dasarna”?

Bisa jadi, lebah dinya mah roman *Oeroeg* téh teu bisa dipisahkeun tina kaayaan jamanna, nyaéta dasawarsa 1940-an katompérnakeun. Harita mah, teu pamohalan urang Walanda nu ngalaman hirup di Indonésia sasat baal

kénéh mun diparandénékeun ka nu raheut téa mah. Tayohna, can pati réa nu karasa ahéng dina awak kulturalna, kawantu deukeut kénéh pisan jeung jaman kolonial.

Nu sidik, roman Hella Haasse rada béda ti roman Walanda saméméhna nu kasangna Indonésia deuih, contona baé roman *De Stille Kracht* (1900) yasana Louis Couperus. Karangan Couperus—saenyana kungsi diindonésiakeun, tapi nu kabaca karék tarjamah Inggrisna beunang Alexander Teixeira de Mattos, *The Hidden Force*—ngagambarkeun réalitas kolonial bari siga nu mikahariwang kana ayana “tanaga nu nyamuni”, nu teu pamohalan bisa ngancam tatanan kolonial upama nu ngawasa kaayaan kurang beunta.

Demi roman Hella Haasse ngawadahan gambaran réalitas pascakolonial, babakuna lebah rambat kamaléna kana alam batin atawa kajiwaan jalma-jalma nu ngalamanana.

TENG aya nu kapikir sabada maca *Oeroeg*, babakuna tumali kana alam kasundaan. Keur kuring sakuringeun, ieu roman milu nuduhkeun yén katresna ka hiji tempat téh teu salawasna tumali kana étnisitas atawa nasionalisme. Rumaketna subjék ka hiji tempat moal boa leuwih deukeut kana perkara lingkungan budaya. Lain urang Sunda waé nu bisa mikacinta Tatar Sunda téh tapi deuih jalma lianna nu kungsi dumuk di Tatar Sunda.

Bet kalah cus cos: upama urang Walanda jaman pascakolonial, nu kungsi ngalaman jaman kolonial di Tatar Sunda, boga gerentes haté yén alam Sunda téh sasat sabagian tina dirina, naha teu pamohalan di urang Sunda—atawa urang Indonésia umumna—gé aya gerentes haté deuih yén Walanda téh sasat sabagian tina dirina deuih?

Naha teu leuwih hadé mun nu disebut Tatar Sunda téh disawang minangka “alam jiwa” nu ngawengku rupaning jalma, teu kawatesanan ku étnisitas atawa nasionalisme?

Duka, tah. Saheulaanan mah rék terus maca baé, susuganan kawénéhan pinanggih jeung pijawabeunana. Hapunten anu kasuhun.***